# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**«Үйде жеке тәртипте оқытыўды шөлкемлестириў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы «Билимлендириў ҳаққында», «Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы ҳаққында»ғы «Бала ҳуқықларының кепилликлери ҳаққында»ғы, «Майыпларды социаллық қорғаў ҳаққында»ғы Нызамлары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жылды 15-март күнги «Улыўма орта билим бериў ҳаққындағы Режени тастыйықлаў ҳаққында»ғы 140-санлы, «Улыўма орта  хәм орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлиминиң мәмлекетлик тәлим стандартларын тастыйықлаў ҳаққында»ғы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2011-жыл 13-сентябрь күнги «Имканияты шекленген балалар ушын қәнигелестирилген Мәмлекетлик билимлендириў мәкемелери ҳаққындағы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди тастыйықлаў туўралы» 256-санлы қарарлары, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў ҳәм Ден саўлықты сақлаў министрликлериниң 2019-жыл 18-марттағы «Физикалық ямаса психикалық раўажланыўында кемшилиги болған ҳәм де узақ даўаланыўға мүтәж болған балалардың үйде жеке тәртипте билим алыўын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы Режени тастыйықлаў туўралы» 5СХ ҳәм 73-санлы (Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2019-жыл 2-апрель күни 2691-1-саны менен дизимнен өткен) қарарлары, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 27-август күнги «Физикалық ямаса психикалық раўажланыўында кемшилиги болған балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемелери (мектеп ҳәм мектеп-интернатлары) ҳәмде узақ ўақыт даўаланыўға мүтәж болған балалардың үйде жеке тәртипте билим алыўы ушын 2020-2021-оқыў жылына мөлшерленген таяныш оқыў режелерди тастыйықлаў ҳаққында»ғы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

БУЙЫРАМАН:

1. Республикалық 3-санлы ақылы зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемесиниң 2021-жыл 6-январь күнги 01-07-санлы хаты орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. 2020-2021-оқыў жылында 3-санлы ақылы зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемесине 2020-жыл 6-январь күнинен баслап, 2013-жыл 18-сентябрь күни Нөкис қаласында туўылған Жуманазаров Элбрус Көбейсинович - 1-класста үйинде (Нөкис қаласы Алға көшеси 34-жайда) жеке тәртипте билим бериў ушын рухсат берилсин.

3. Республикалық 3-санлы ақылы зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемеси (Г.Мамбетназарова)не:

-үйде жеке тәртипте билим алыўшы Э.Жуманазаровқа тәжирийбели қәниге ҳәм муғаллимлерди бекитиў;

Э.Жуманазаров тийисли оқыў қураллары, сабақлықлар, парта, тахталар менен тәмийинлеў;

-Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинен 2013-жыл 5-март күни 2435-сан менен дизимге алынған, Өзбекстан Республикасы Мийнет хәм халықты социаллық жақтан қорғаў министрлиги, Халық билимлендириў министрлиги, Қаржы министирлиги 2013-жыл 28-январьдағы 5СП, 3, 10-санлы қарарына муўапык муўапық Э.Жуманазаровты үйинде оқытатуғын муғаллимлерге белгиленген тәртипте жол ҳақысын төлеў менен тийисли ўазыйпаларды орынлаў тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүкленсин.

**Тийкары:** Республикалық 3-санлы ақылы зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемесиниң 2020-жыл 6-январь күнги 01-07-санлы хаты ҳәм Қарақалпақстан Респаубликасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық психологиялық – медициналық –педагогикалық комиссиясының 2020-жыл 21-сентябрь күнги 49/3-20-санлы хуласасы.

**Министр** **Р.Реимов**

№ 5

«6» январь 2021-жыл

| QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASİ XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI AQİLİ ZAYİP BALALAR USHİN QÁNIGELESTIRILGEN MÁMLEKETLIK BILIMLENDIRIW MÁKEMESI Xojeli rayonı Taxiatash к. nomersiz jay tel: (8-361) 554-20-13, faкs: 554-20-13, E-mail: res 3int inbox.uz | | QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI AQLI ZAYIF BOLALAR USHUN IXTISOSLASHTIRILGAN DAVLAT TA'LIM MUASSASASI Xojayli tumani. Taxiatosh к. raqamsiz uy tel: (8-361) 554-20-13, faкs: 554-20-13, E-mail: res 3int inbox.uz |
|---|---|---|
| «6»- 01 2020 йил | | 01-07 -санлы |


**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри**
**Р.Реймовқа**

Республикалық 3-санлы ақылы-зайып балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемеси (мектеп-интернаты) Сизге, мектеп-интернатымыз оқыўшылары, Нөкис қаласында 2013-жылы 18-сентябрьде туўылған Жуманазаров Эльбрус Кобейсинович Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 5-январьдағы 49/3-20-санлы жолламасы менен 1-класқа қабыл етилгенин мағлыўмат ушын мәлим етип билдиремиз.

Жуманазаров Эльбрус Кобейсинович Нөкис қаласы Алға көшеси 34-үйде жасайды.

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 5-январьдағы 49/3-20-санлы жолламасы тийкарында 2020-2021-оқыў жылында Жуманазаров Эльбрусты мектеп-интернатының қәнийге дефектологлары тәрепинен үй шараятында, жеке тәртипте оқытылыўына усыныс етемиз.

*Қосымшада ҳүжжетлер қоса тигиледи.*

**Директор** **Г.Мамбетназарова**